## Нөкис районы бойынша

**Улыўмалық мағлыўматлар**

Аймағы **0,94 минг кв.км**
МПЖлар саны – **10;**
Мектеплер саны – **31;**
МШБМ саны – **56;**
Халық саны – **52,6** мың адам;
Хожалықлар саны –**10 707;**
Шаңарақлар саны –**12 350;**
Мийнет ресурслары – **27,8** мың адам**,**
Экономикалық актив Халық саны – **21,6 мың пуқара,**
Соннан жумыс пенен бәнт Халық саны – **19,6 мың пуқара**.
Районда жумыссызлық дәрежеси - **8,9 %,** *(1964-жумыссызлар саны)*.

**Ҳүрметли Сессия қатнасыўшылар!**

Ҳүрметли Президентимиздиң 01.05.2020-жыл *(ПҚ-4702-санлы)* қарарына тийкарланып, аймақларды социаллық-экономикалық раўажландырыўдың рейтинг баҳалаў системасы бойынша районымыз 2019-жыл жуўмағы менен **"қанаатландырарсыз"**-деп табылып, **"Қызыл аймақ"**қа киргизилип Республика бойынша **14-ши** орында едик.

Бәрше тараў бойынша атап айтқанда, улыўма макроэкономикалық көрсеткишлер, социаллық, аўыл хожалығы ҳәм қурылыс тараўларындағы қәте кемшиликлерди **2020-жылдың жуўмағы** менен сапластырған ҳалда районымыз рейтинг баҳалаў көрсеткиши бойынша **"Жасыл аймақ"**қа яғный, **Республикада екинши** орында ҳәмде **2021-жылдың жуўмағы** менен **"Сары аймақ"**қа яғный, **Республикада оныншы** орында жүргенлигимизди атап өтпекшимен.

Быйылғы жылда районымызда социал-экономикалық раўажландырыў бойынша белгиленген ўазыйпаларды өз мүддетинде сапалы орынланыўында сектор ҳәм тараў комплекс басшылар менен биргеликте барлық ис-илажларды әмелге асырыўға ўәде беремен.

**Егер рухсат берсеңиз, өткен 11 ай даўамында районымызда социаллық-экономикалық раўажландырыў бойынша алып барылып атырған жумыслар ҳаққында есабат берсем.**

***Макроэкономикалық көрсеткишлер:***

- Санаат өнимлерин ислеп шығарыў көлеми – **314,7 млрд. сўм** ***(өсим пәти өткен жылға салыстырғанда -111,2%)*** ға жетти.

Соннан, аймақлық санаат өнимлерин ислеп шығарыў көлеми **77,3** млрд.сўм; ***(101,3%)*** ға;

- Халық тутыныў товарлары – **55,4** млрд.сўм ***(111,4%)*** ке**;**

- Усақлап сатыў көлеми – **214,7** млрд.сўм ***(123,1%) ке***;

- Инвестиция тараўында – **171,9** млрд.сўм, **(*137,6%*) *ке;***
- Қурылыс тараўында – **269,4** млрд.сўм, ***(118,1%) ке*;**
- Хызмет көрсетиў тараўында – **192,1** млрд.сўм. ***(110,0%) ке;***
- Аўыл хожалығында – **285,3** млрд.сўм, ***(114,8%)*** орынланған.

***<u>Исбилерменлик бойынша:</u>***

- Жәми исбилерменлик субъектлери саны – **1810** (*ҳәрекеттеги* **1477**);
- Исбилерменлик субъектлери саны (*ДФХларсыз*) – **1143** (*ҳәрекеттеги* **1087**);
- Киши бизнес субъектлери саны - **996** (*ҳәрекеттеги* ***943***);

- **Жаңадан ашылған субъектлер** - **132** *(**11** айлық реже **89,2%**, **148** субъект, **Жыллық** реже **80,5%**, **164** субъект) қурайды.*

**Шаңарақлық исбилерменликти раўажландырыў бағдарламасы тийкарында жәми 987 пуқараға 24,3 млрд.сўм кредит қаржылары ажыратылған:**

| |
|---|
| *Соннан ,* |
| *- Ҳәр бир шаңарақ исбилермен дәстүри тийкарында **868** пуқараға **21,3** млрд.сум;* |
| *- Фермер дийқан хожалықларына **78** пуқараға **2,2** млрд.сум;* |
| *- Ҳаял-қызларға **21** пуқараға **92,0** млн.сум;* |
| *- Өнерментшилерге **20** жасларға **629,6** млн.сум* |

***<u>“ҲАЯЛЛАР ДӘПТЕРИ” БОЙЫНША</u>:***

Районда **25 594** ҳаял-қызлар болып, соннан 30 ҳәм оннан жоқары **10** мың **858** ҳаял-қызлар бар болып, хатлаў нәтийжесинде машқаласы бар, жумыссыз ҳәм исбилерменлик пенен шуғылланыўды қәлеўши **932** ҳаял-қызлар “Ҳаяллар дәптери”не **кирити**лип, ҳәзирги ўақытта бәршесине (*932 ҳаял-қызларға (100,0%)*) жәрдемлер көрсетилди.

**1-критериядағы 442 ҳаял-қызларға:**

| |
|---|
| *- **36** ҳаял-қызлар турақлы жумыс пенен;* |
| *- **127** ҳаял-қызлар ис ҳақы төленетуғын жәмийетшилик жумысларына,* |
| *- **150** ҳаял-қызлар мәўсимлик жумыслар менен бәнтленди;* |
| *- **126** ҳаял-қызлар қайта кәсипке оқытылды;* |
| *- **3** ҳаял-қызға жумыссызлық напақасы төлеп берилди.* |

**2-критериядағы 139** ҳаял-қызларға **1,3** млрд сўм муғдарында жеңиллетилген кредит ажыратылды;

Жумыссызлық критериясындағы **12 ҳаял-қызларға “Ҳаяллар дәптери” жамғармасынан** субсидия тийкарында тигиў машинасы берилди.

| |
|---|
| ***Мәселен: Тақыркөл** аўыл пуқаралар жыйынындағы жумыссыз **5** ҳаял-қызға, **Бақаншақлы**, **Қутанкол**, **Кердер**, **Токтау**, **Арбашы**, **Саманбай** ҳәм **Ақманғыт** мәкан пуқаралар жыйынларындағы 1 ҳаял-қызларға тигиў машинасы берилди.* |

Бир мәртелик жәрдемге мүтәж болған **<u>317 ҳаял-қызлардың</u>** яғный **3-,4-,5-6**-критериялардағы, соннан, *“Ҳаяллар дәптери” жамғармасынан жәми 370,0 млн.сўмлық бир мәртелик материаллық жәрдемлер көрсетилди.*

*__3-критерия__ - Бағыўшысын жоғалтқан жәрдемге мүтәж **135 ҳаял-қызларға** (156,1 млн.сўм)**;***

*__4-критерия__ - Социаллық жәрдемге мүтәж I ҳәм II топар майыплығы болған **112 ҳаял-қызларға** (92,0 млн.сўм);*

*__5-критерия__ - үй-жайға мүтәж болған 24 ҳаял-қызлардан 16 ҳаял-қызларға ижара компенсациялары (26,8 млн.сўм);*

*__6-критерия__ - Қарамағында майыплығы болған перзенти бар жәрдемге мүтәж **70 ҳаялларға** (95,0 млн.сўм) муғдарында төлеп берилди.*

**8** ҳаял-қызлар ўақтынша жасап турыўлары ушын социаллық үйлерге орналастырылды.

Буннан тысқары, “Ҳаяллар дәптери” дизиминде турыўшы социаллық жәрдемге мүтәж болған **50** ҳаял-қызларды Бухара қаласына саяхатқа жиберилди, сондай-ақ, **2** ҳаял-қыз (*Ақманғыт ППЖдан **Узакова Зухра** жумыссыз критериясында, Бақаншақлы АПЖдан **Атажанова Шахло** Самарқанд қаласына)* бийпул санаторийға жиберилди.

## ***<u>“ЖАСЛАР ДӘПТЕРИ” БОЙЫНША</u>:***

Усы жылда исши топар тәрепинен жаслардың машқалаларын анықлаў ҳәм оларды қысқа мүддетлерде сапластырыў, жаслардың усыныс ҳәм басламаларын қоллап-қуўатлаў мақсетинде сораўнамалар өткерилди. Соннан **734** жас жумыссыз сыпатында дизимге алынып, есабат дәўирине шекем **666** жастың ***(77,9%)*** бәнтлиги тәмийинленди.

***Соннан;** **12** жас жумысқа жайластырылды, **31** жасқа кредитлер берилди, **155** жасқа **43,02** га жер майданлары ажратылды. Сондай-ақ, **150** жаслар мийнет қураллары менен тәмийинленди, **15** жастың мобилизациялық шақырыў резерви ушын төлеми төлеп берилип, әскерий хызметке жиберилди.*

*Соның менен бирге, район бойынша “Жаслар дәптери”не киргизилген жоқары билим бериў мәкемелеринде оқып атырған, шаңарақлық шараяты аўыр болған **133** жаслардың шәртнама пуллары төлеп берилди, **31** жастын емлениў қәрежетлери қаплап берилди, социаллық аўҳалы төмен **3** жасқа материаллық жәрдем берилди, **35** жас айдаўшылық курсларына оқытылды, **2** жас кәсип-өнер курсларына оқытылды, **2** жастың биометрик паспорт алыў қәрежетлери қаплап берилди, **2** жасқа социаллық жардемлер көрсетилди. (Сондай-ақ, **95** жаслар басқа бағдарларда “Жаслар дәптери” нен шығарылған)*

Қалган **68** жаслардың усы жылдың жуўмағына шекем толық бәнтлиги тәмийинленеди.

## ***<u>Бәнтлик көмеклесиў дәстүри бойынша:</u>***

Районымызда Бәнтликке көмеклесиў орайына жумыс ислеў ушын **6561** (*жаслар **2913**, ҳаяллар **328***) жумыссызлар мүрәжат еткен, соннан, **5711** (*жаслары **2488**, ҳаяллар **2734***) жумыссызларға белгиленген тәртипте

мәсләҳәт берилип, **850** пуқара өз кәсиплери бойынша жумысқа орналастырылды. *(жаслары **425**, ҳаяллар **294**)*

- Жәмийетлик жумысларға **353** пуқараны жумысқа жайластырыў режелестирилген болып, ҳақыйқатында **505** пуқара *(жаслары **97**, хаяллар **231**)* жумысқа жайластырылды;

- Қайта кәсипке таярлаў бойынша **420** пуқараны оқытыў режеси белигленген болып, әмелде **520** пуқара *(жаслары **212**, ҳаяллар **336**)* оқыўға жиберилген.

***Соннан:***
- ***189** пукара тигиушилик;*
- ***42** пукара кепсерлеуши;*
- ***21** пукара ыссықхана хәм лимонария;*
-***18** пукара кусшылык;*
- ***6** пукара электрик;*
- ***13** пукара аспазлык;*
- ***13** пукара шаштарез;*
- ***10** пукара кондитер;*
- ***208** пукара басқа жөнелислерде.*

**-** районда **45** жумыссыз пуқараға *(жаслары **19**, хаяллар **19**)* жумыссызлық статусы берилип, жумыссызлық напақасы төленди;

Квота жумыс орынлары бойынша 2022-жылдың 11 айы даўамында **43** пуқара тайпалары бойынша жумысқа орналастырылды *(ҳаяллар **30**, жаслар **26**)*.

Нөкис районы Халық бәнтлигине көмеклесиў орайына 2022-жылдың 11 айы даўамында жазаны өтеў мәкемелеринен азат етилип келген 4 пуқара болып соннан 1 пукара жумыска орналастырылды, 1 пукара мийнетке жарамсыз болганлыгы себепли жумыска орналастырылмады.

2022-жылдың **11** айы даўамында шет еллерде өз искерлигин әмелге асырып келген 2490 пуқара болып, соннан 143 пуқара орайымыздын жолламасы менен турақлы жумысларға, 111 ҳақ төленетуғын жәмийетлик жумысқа, 213 пукара кол ушы талап пенен бант болып, 91 пукара касипке кайта окытылды, 8 пукарага субсидия берилди.

2022 жыл **11 ай** даўамында бос жумыс орынлары мийнет ярмаркалары **12** мәртебе өткерилди.

Өткерилген бос жумыс орынлары мийнет ярмаркасына **251** кәрхана **526** бос жумыс орынлары менен қатнасты. Бос жумыс орынлары мийнет ярмаркасына **463** *(жаслары **150**, ҳаяллар **199**, колледж питириўшилери **120**)* жумыссыз пуқаралар қатнасқан болса, соннан 243 пуқарасы Халық бәнтлигине көмеклесиў орайының жолламасы менен өз қәнийгелиги ҳәм мақул келген жумысқа орналастырылды. *(Соннан 86 пуқарасы жаслар, 62 пуқарасы кәсип-өнер колледжи питкериўшилер, 93 пуқарасы ҳаял-қызлар).*

2022-жылдың 11 айы даўамында орай тәрепинен **38** жумыссыз пуқараларға өзин-өзи бәнт етиў мақсетинде субсидия берилген болып, соннан **7** пуқара ыссықхана, **16** пуқараға суўғарыў ускенеси, **1** пуқараға әспаб-ускене (кушетка), **14** пуқараға тигиўшилик бойынша кооперативке ағза болып субсидия есабыннан бәнтлиги тәмийнленди.

Соның менен биргеликте, районда турақлы, мәўсимлик ҳәм ўақтыншалық жумысларда бәнтлигин тәмийинлеў режеси **8007** қурап**,** әмелде **6926** пуқаралардың бәнтлиги тәмийинленди. ***(86,5%)***;

***Мысал ушын:***

*-Қурылыс, транспорт ҳәм коммунал тараўына жыллық реже **129** орын, әмелде **525** орын (**407%**),*

*-Инвестициялар, сыртқы саўда ҳәм жергиликли санаатты раўажландырыў тараўында жыллық реже **168** орын, әмелде **73** орын (**43,5%**),*

*- Аўыл, суў ҳәм тоғай хожалығы тараўында жыллық реже **4 742** орын, әмелде **7152** орын (**100,2%**),*

*соннан пиллешиликте жыллық реже **132** орын, әмелде **0** орын (0%), дийхан хожалықлары ҳәм тамарқа хызмети режеси **1429** орын, әмелде **432** орын (43,5%),*

*-Финанс экономика, исбилерменлик ҳәм кәмбағаллықты қысқартыў тараўы жыллық реже **2425** орын әмелде **1317** орын (54%),*

*соннан саўда ҳәм сервис жөнелисинде реже **1200** орын, әмелде **829** (69%),*

*өнерментшилик жөнелисинде реже **43** орын, әмелде **47** орын (109%),*

*-Туризм-Мәдeният тараўында реже **543** орын, әмелде **259** орын (**47,6%**).*

## Бюджет түсими:

Усы жылда бюджетке **31,8 млрд.**сўмлық түсим прогнозы белгиленип, соннан, **бүгинги күн** жағдайына **32,1 млрд.**сўм бюджет түсимлери түсирилиўине ерисилди. *(Режа **106,6%** ке орынланды)*

4-шеректе бюджетке **8,3 млрд.**сўмлық түсим прогнозы белгиленип, соннан, **бүгинги күн** жағдайына **8,5 млрд.**сўм бюджет түсимлери түсирилиўине ерисилди. *(Режа **102,7%** ке орынланды)*

Декабрь айының қалған күнлеринде төмендеги дереклер есабынан режениң қалған түсимлерин, жәми **750,0 млн.сўм** төмендеги дереклер есабынан өндириў күтилмекте;

***Мәселен:***

1. *Юридикалық тәреплердиң жер салығы **200,0 млн.сўм**;*
2. *Юридикалық тәреплердиң суў салығы **200,0 млн.сўм**;*
3. *Жеке пуқаралардың жергиликли салықлардан қарыздарлығы есабынан **200,0 млн.сўм**;*
4. *Юридикалық тәреплердиң айланбадан салығы **100,0 млн.сўм**;*
5. *Салықсыз түсимлер есабынан **50,0 млн.сўм;***

Усы жылдың январь-ноябрь айлары жергиликли бюджет түсими режеси **19,3 млрд.сўм** белгиленген болып, әмелде **22,1 млрд.сўм** түсим түсирилген реже **114%**ды қурайды.

***Инвестиция тараўы бойынша:***

2022-2023 жылларда жәми 45 жойбар (баҳасы 107,2 млрд.сўмлық) есабынан 485 жумыс орынларын жаратылыўы режелестирилген.

Соннан:

- 2022-жылда 44,2 млрд.сўмлық 24 жойбар (309 жумыс орны);
- 2023-жылда 63,0 млрд.сўмлық 21 жойбар (176 жумыс орны);

Бугинги күнде жәми 41,3 млрд.сўмлық 27 жойбар иске түсирилген (280 жумыс орны жаратылған).

Санаатта 6,3 млрд.сўмлық 9 жойбар 142 жумыс орын;

Аўыл хожалығында 6,8 млрд.сўмлық 4 жойбар 49 жумыс орын;

Хызмет көрсетиўде 28,1 млрд.сўмлық 14 жойбар 89 жумыс орын

*Соннан:*

*- "KELESHEK STORY MONTAJ" МЧЖ Қурилиш материаллари ишлаб чиқаришни кенгайтириш 1,2 млрд сум 60 жумыс орын*

*- "Amu Aral Sazani" кәрханасы тәрепинен жойбар баҳасы 4,2 млрд.сўм болған интенсив усылда балыкшылық хожалығын шөлкемлестириў жойбары иске түсирилип, 6,26 гектар жер майданында интенсив балықшылық көли жаратылды. Усы жойбарды әмелге асырыў есабынан жылына 200 тонна балық өнимлерин жетистириў қуўатлылығы жаратылды.*

*- "Hayat Med"кәрханасы тәрепинен жойбар баҳасы 5,5 млрд.сўм болған жеке меншик клиника иске түсип, халықтың саламатлығын жақсылаўда хызмет етип келмекте.*

*- "Fortuna-Xantore" кәрханасы тәрепинен 150 орынлық жойбар баҳасы 5,4 млрд.сўм болған ҳәзирги заман талабына сай болған заманагөй мәмлекетлик емес мектепке шекемги билимлендириў мәкемеси иске түсирилди.*

Сондай-ақ, Өзбекстан Республикасы Президентиниң “Қарақалпақстан Республикасында исбилерменлик, инновациялық технологиялар ҳәм инфраструктураларды жедел пәтлерде раўажландырыў арқалы халықтың пәраўанлығын асырыўдың қосымша ис илажлары ҳаққында”ғы ПП-213-санлы Пәрманы тийкарында исбилерменликке берилген жеңилликлерди есапқа алған ҳалда жами 65,8 млрд.сўмлық 16 жойбар жаратылды. 2022-2023 жыллар даўамында усы жойбарларды амелге асырыў нәтийжесинде қосымша 152 жаңа жумыс орынларын жаратыў режелестирилмекте.

**Экспорт бойынша**

Нөкис районында 2022-жыл даўамында жәми 8,1 млн. АҚШ долларлық экспорт прогнозы белгиленген болып соннан;

- Санаат жөнелисинде 4,9 млн.доллар;
- Мийўе-палыз жөнелисинде 3,2 млн.доллар.

Бүгинги күнде, жәми 4666,0 мың АҚШ доллар экспорт әмелге асырылды. (реже 57,0 % ке орынланды).

- Санаат жөнелисинде 3468,0 мың АҚШ доллар;

- Миййе-палыз жөнелисинде 1197,0 мың АҚШ доллар;

Районымыздың экспорт прогноз көрсетикишлериниң орынланбағанлығының тийкарғы себеплеринен бири боян тамыры экстрактына болған талап дүня базарында сезилерли дәрежеде кемейгенлиги ҳәм баҳасы пәсейгенлиги себепли экспортёр кәрханалар тәрепинен жаңа базарларды ҳәм де жаңа шериклер менен саўда шәртнамаларын дүзиў жумыслары алып барылмақта.

**<u>Сырт ел инвестицияларын өзлестириў бойынша</u>**

Нөкис районында 2022-жыл даўамында жәми 1,3 млн. АҚШ долларлық инвестициялар өзлестириў прогнозы белгиленген. болып, соннан;

- Туўрыдан-туўры ҳәм сырт ел кредит линиялары есабынан 200,0 мың.доллар;

- Жойбар ғайраткерлериниң өз есабынан 1100,0 мың АҚШ доллар белгиленген.

Январь-Декабрь жәми 1,8 млн. АҚШ долларлық инвестициялар өзлестирилди. (138%) Соннан;

Туўрыдан-туўры ҳәм сырт ел кредит линиялары есабынан 600,0 мың.доллар; (“Нукус бетон” ЖШЖ 209 мың АҚШ доллар, “Интер агро броллерс Нукус” ЖШЖ 352 мың АҚШ доллар)

- Жойбар ғайраткерлериниң өз есабынан 1,0 млн.доллар. (“Хаёт мед” ЖШЖ 500 мың АҚШ доллар ҳәм “Ақманғыт Камалак инвест” ЖШЖ 500 мың АҚШ доллар)

Сондай-ақ, Президент тапсырмасы менен ҳәр бир районға қосымша

50,0 млн.АҚШ доллар туўрыдан-туўры сырт ел инвестицияларын тартыў бойынша қосымша реже ислеп шығылды. (8 жойбар)

Мысал ушын: Россия Федерациясының “ЗАВОД МЕД СИНТЕЗ” карханасы менен шерикликте “GARDENWORLD" ЖШЖ тәрепинен Рекомбинантлы инсан инсулинин ислеп шығарыў жойбарын әмелге асырыў бойынша дәслепки меморандум имзаланып, бүгинги күнде жойбардың смета ҳүжжетлери ислеп шығылмақта.

Соның менен бирге Европа мәмлекетлери менен туўрыдан-туўры сырт ел инвестицияларын тартыў бойынша қосымша сәўбетлесиўлер алып барылмақта.

## Қурылыс тарауы бойынша:

**2022 жылда инвестиция** бағдарламасы шеңберинде баҳасы **8,3 млрд.сўмлық 3** жойбарды әмелге асырыў режелестирилген. Бүгинги күнде усы **3** жойбардың **8** млрд.сўмлық яғный **96%лық жумыслар әмелге асырылды.**

| |
|---|
| ***Соннан:*** |
| *- мәмлекетлик хызметлер орайы иматарын жаңадан қурыў. **3,3 млрд.сўм, әмелде 89% (2,9 млрд.сўм); Келеси бир айлықта 0,4 млрд.сўмлық 11% ижумыс әмелге асырылады.*** |
| *- Абадан аўылына **12 км** суў тармағын жаңадан тартыў **2,3 млрд.сум, әмелде 100% (2,3 млрд.сум);*** |
| *- Пиядалар ҳәм велосипед жолларн қурыў **2,7 млрд.сум,** әмелде **100% (2,7 млрд.сум)**лық жумыс орынланды.* |

**2022 жылда** 16-санлы протокол тийкарында **20 млрд.сўмлық 26** жойбарлардан, әмелде **20** млрд сўмлық (**100**%) жумыслар әмелге асырылды.

| |
|---|
| ***Соннан:*** |
| *19-мектепке реконструкция жумысларын алып барыў **3,3 млрд.сум** болып, әмелде **3,3 млрд.сўмлық 100%га; 3,3 млрд.сўмлық 100% жумыс әмелге асырылады.*** |
| *4 медициналық контейнерлерди орнатыў **4,2 млн.сум** болып, әмелде **4,2 млн.сўмлық 100%га;**.* |
| *Пиядалар ҳәм велесипед жолларын қурыў **1,9 млрд.сум** болып, әмелде **1,9 млрд.сўмлық 100% га; 1,7 млрд.сўмлық 100% жумыс көлеми әмелге асырылады.*** |
| ***48,5** км ишки жолларды оңлаў **14,6 млрд.сўм** болып, әмелде **14,6 млрд.сўмлық 100**% иш орынланды.* |

**2022-жылғы “Абат аўыл”** ҳәм “Абат мәкан” бағдарламасы тийкарында **9,9 млрд.сўмлық** қурылыс жумыслары алып барылыўы белгиленип, әмелде 9,2 млрд сўмлық (**93**%) жумыслар орынланды. Келеси 10 кунликте 0,7 млрд.сўмлық 7% жумыслар әмелге асырылады.

| |
|---|
| ***Соннан:*** |
| *29-мектепке спорт зал қурыў **1,5 млрд.сўм** болып, әмелде **1,4 млрд.сўмлық 92%га; 0,1 млрд.сўмлық 8% иш әмелге асырылады.*** |
| ***14,6 км ишки жолларды оңлаў 3,3 млрд.сўм** болып, әмелде **3,3 млрд.сўмлық 100%га жумыслар әмелге асырылады.*** |
| ***4 дана** трансформатор, **10,5 км** электр тармақларын тартыў **1,4 млрд.сум** болып, әмелде **1,4 млрд.сўмлық 100%га жумыслар әмелге асырылады.*** |
| ***10 км** байланыс тармақларын тартыў **200 млн.сўм болып, әмелде** **200 млн.сўмлық 100%га;*** |
| ***2,1 км** газ тармақлары, **6 дана** ГРПни оңлаў **3,5 млн.сум болып, әмелде** **3,5 млн.сўмлық 100%га** орынланды.* |
| ***3,5 км** пиядалар жолы, 185 дана түнги жарытқышлар орнтылды, баҳасы **745 млн.сум болып, әмелде *745 млн.сўмлық 100% га*** *орынланды.* |

**Аўыл хожалығы тараўы бойынша**

**1. Район бойынша п**ахта ҳәм ғәлледен қысқартылған жами **371 га** жер майданлари электрон платформаға шығарылып, соннан 613 **таңлаў жеңипазлары анықланды ҳәм оларға 337,0 га** жер майданлары ажыратып берилди.

Усы ажыратылған жер майданларының 132 гектарына овощ, 88 гектарына палыз, 19 гектарына картошка, 65 гектарына дәнли, 12 гектарына майлы егинлер жайластырылды.

**2. Азық аўкатлық егинлерди егиў ҳәм тәрбиялаў:**

**2022-жылда жами 2330 га жер майданларына овощ, 250 гектар картошка, 1065 гектар палыз егинлерин егиў режелестирилген. Соннан, әмелде 2344 га овощ, 250 га картошка ҳәм 1071 га палыз егинлери егилди.**

**Суўды тежеўши технологияларды иске түсирилиўи, Коллектор ҳәм дренажлар әтирапларында рашларды ашыў.**

Районымызда 2022-жылда жәми **664** гектар ер майданларына суўды үнемлеўши енгизиў режелестирилген. Соннан, **200** гектар пахта, **150** гектар бағ, **180** гектар жүзим, **30** гектар басқа егкинлер ҳәм **104** гектар ғәлле белгилеп берилген. Бүгинги күнге келип **3** баслама ийелери тәрепинен АКБ Агро банк Нөкис филиалына қаржыландырыў ушын тийсли ҳүжжетлер усынылған.

**4.Лазерли жер тегислеў бойынша:**

**2022-жылда** 2023-жыл ҳасылы ушын егилетуғын ғәлле майданларына реже бойынша **5800 га** ауыл хожалығына мөлшерленген жер майданларын лазерли жер тегислеў әмелге асырылыўы белгиленип, соннан **4558 га** майданларға лазерли жер тегислеў жумыслары алып барылды.

**5. Дала шетлерине тут, бағ ҳәм жүзим нәллери, овощ ҳәм асқабақ егиў жумыслары бойынша:**

2022-жылда дала шетлерине асқабақ 993 п.км, мийўели ҳәм жўзим нәллери 28,5 п.км ҳәм тут нәллери 65 п.км егиў режелестирилип, соннан, әмелде 1004 п.км асқабақ, мийўели бағ 28,7 п.км ҳәм тут нәллери 65 п.км дала шетлерине егилди.

**6. Районда 2022-жылда ҳасылына пахта шийки өнимин таярлаў бойынша:**

2022-жыл ҳасылы ушын шәртнама бойынша **5105** тонна пахта өнимин етистириў режеси белгиленип, мәусим басынан **5106** тонна (**100,1%**) пахта терип алынды.

**7.Ғәлле егиў барысы:**

Районда 5800 га жер майданларына ғәлле егиў режелестирилип, бүгинги күнде **5800,0** гектарга ғалле егиў жумыслары жуўмақланды.

**8.Тәкирарый егинлер бойынша:**

Бул жылда ерте писер егинлерден ҳәмде ғәлледен босаган **2816** гектар жер майданларына тәкирарый егинлер егиў режелестирилип, әмелде **2834** гектар жер майданларына тәкирарый егинер егиў жукмыслары жуўмақланып, агротехникалық илажлар өз ўақтында өткерилди.

**9. Халықтын азық-аўқат қәуипсизлигине бойынша;**

Бунан тысқары, 2022-2023-жыллары қыс ҳәм бәҳәр мәўсимине **4 түрдеги** тийкарғы аўыл хожалық өнимлерин резервке топлаўдың улыўма прогноз көлемлери белгилеп алынып, усы тийкарда районлагы аймақлық таярлаў шөлкемлери ҳәм социаллық тараў мәкемелери тәрепинен **жәми 2 186 тонна,** соннан **345 тонна** картошка, **354 тонна** пияз, **703 тонна** гешир ҳәм **784 тонна** гүриш өнимлерин резервке топлаў белгиленип реже толығы менен **2 206 тонна** етип **109 %** орынланды.

**2022-ЖЫЛҒА БЕЛГИЛЕНГЕН ЎАЗЫЙПАЛАР.**

- Санаат өнимлерин ислеп шығарыў көлемин жыл жуўмағына шекем **322,5** млрд.сўм *(**107,2**%)*га; *(Халық жан басына орташа **6,2** млн.сўмнан туўры келеди)*

- Халық тутыныў товарлары көлемин жыл жуўмағына шекем **90,0** млрд.сўм *(**108,1** %)*га; *(Халық жан басына орташа **1,7** млн.сўмнан туўры келеди)*

- аўыл хожалығы өнимлерин жетистириў көлеми жыл жуўмағына шекем **381,5** млрд.сўм *(**102,7** %)*га; *(Халық жан басына орташа **7,3** млн.сўмнан туўры келеди)*

- қурылыс жумыслары көлеми жыл жуўмағына шекем **194,8** млрд.сўм *(**105,3** %)*га; *(Халық жан басына орташа **3,7** млн. сўмнан туўры келеди)*

- хызмет көрсетиў көлеми жыл жуўмағына шекем **252,6** млрд.сўм *(**156,0**%)*га; *(Халық жан басына орташа **4,8** млн. сўмнан туўры келеди)*

- усақлап сатыў көлеми жыл жуўмағына шекем **144,6** млрд.сўм *(**132,2**%)* пайызға жеткериў режеластирилген. *(Халық жан басына орташа **2,8** млн. сўмнан туўры келеди)*

Усы жыл жуўмағына **164** киши бизнес субъектлерин жаңадан шөлкемлестириў арқалы **250** жаңа жумыс орынларының жаратылыўын тәмийинлеў;

Соның менен бирге, жыл жуўмағына шекем **31,8 млрд**.сўмлық *(Соннан жергиликли бюджетке жыл жуўмағына шекем **22,7** **млрд**.сўм)* қаржылардың түсимин тәмийинлеў;

“Ҳәр бир шаңарақ исбилермен” бағдарламасы шеңберинде Халықты исбилерменликке тартыў мақсетинде **30,0** млрд. сўмлық жеңиллетилген кредитлер ажыратылыўы натийжесинде **450** жумыс орынларын жаратыў;

Аймақлық инвестиция бағдарламасы тийкарында район бойынша 2022-2023 жылларда улыўма баҳасы **251,8 млрд**.сўмлық **54** жойбарын әмелге асырыў ҳәм **618** жана жумыс орынларын жаратыўды режелестирип алғанбыз.

***<u>Мысалы:</u>***

***"GARDENWORLD" ЖШЖ*** *тәрепинен жойбар баҳасы* ***52,0 млн.*** *АҚШ доллари болған рекомбинантли инсулинин ислеп шығарыў жойбарын әмелге асырыў бойынша Россия Федерациясининг* ***“Завод Медсинтез”*** *кәрханасы менен мемерандумга қол койылған.*

*Усы жойбарды әмелге асырыў нәтийжесинде* ***350*** *жумыс орынлары жаратылып, жылына* ***35 млн****. картриж инсулинин ислеп шыгарыў жолға қойылады.*

2022-жыл даўамында жәми **8,2 млн. АҚШ долларлық экспорт** прогнозы әмелге асырылыўы режелестирилмекте. (Реже 101,2%) соннан;

- <u>Санаат жөнелисинде</u> 6,7 млн.доллар;
- <u>Мийўе-палыз жөнелисинде</u> 1,5 млн.доллар.

Усы белгилеген жойбарлардың әмелге асырылыўы нәтийжесинде район бюджетине қосымша **3,5 млрд.** сўмнан артық түсимлер түсиўи күтилмекте.

**Нөкис районы ҳәкими** **О.Уснатдинов**